



Pou Piblikasyon Imedya: 17/05/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETA NEW YORK PRAL ADOPTE NOUVO
ORYANTASYON CDC A SOU UTILIZASYON MASK AK DISTANS SOSYAL POU
MOUN KI KONPLÈTMAN VAKSINEN YO**

Anvigè apati 19 me, New York adopte "[Rekòmandasyon Sante Piblik Pwovizwa pou Moun ki Konplètman Vaksinen yo](#)" pou pifò biznis ak anviwònman piblik.

Lekòl Pre-K rive 12yèm ane yo, transpò piblik, abri pou sanzabri, sant koreksyonèl, mezon retrèt ak sant swen sante yo pral egzante jiskaske gen plis Nouyòkè ki konplètman vaksinen

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a apati 19 me, Eta New York pral adopte "[Rekòmandasyon Sante Piblik Pwovizwa yo pou Moun ki Vaksinen Konplètman](#)" pou pifò biznis ak anviwònman piblik yo. Konfòmman avèk direktiv CDC yo, lekòl Pre-K rive 12yèm yo, transpò piblik, abri pou sanzabri, sant koreksyonèl, mezon retrèt ak sant swen sante yo pral kontinye swiv direktiv sante COVID-19 Eta a jiskaske plis Nouyòkè konplètman vaksinen.

"Nouyòkè yo te travay di pandan ane pase a pou anpeche pwopagasyon COVID la epi kenbe youn lòt an sekirite", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Travay sa a te pote fwi epi nou kontan anpil franchi pwochen etap sa a nan re-ouvèti bèl eta nou an. Popilasyon New York la ak vizitè yo ta dwe jwenn rekonfò nan egzijans pou mask yo ki leve, men dwe respekte sila yo ki ka toujou santi li pi sekirite pou yo mete mask an piblik epi pwopriyete biznis yo ka toujou mande kliyan yo pou mete mask yo. Nou pi pre gen yon New York ki pi bon ak pi sekirite. Nou se New York Solid epi nou te pwouve li".

Pou aplike direktiv CDC yo, Eta New York pral revize direktiv sou re-ouvèti annapre yo pou antre anvigè nan 19 me:

Règ sou Mask nan Biznis

Konsidere CDC te enfòme ke moun ki konplètman vaksinen yo pa bezwen mete mask epi plis pase 52 pousan Nouyòkè ki depase 18 ane yo konplètman vaksinen, Eta a pral otorize biznis yo kontinye egzije mask pou tout etablisman li yo, konfòmman ak direktiv CDC a. Nan pifò etablisman yo, moun ki vaksinen yo p ap bezwen mete mask. Moun ki pa vaksinen yo, dapre direktiv CDC ak eta a dwe mete mask nan tout anviwònman piblik yo.

Depatman Sante a rekòmande anpil pou mete mask anndan etablisman yo kote sitiyaasyon vaksinaasyon moun yo pa deklare. Egzijans pou mask yo dapre biznis yo dwe respekte tout lwa ak règleman etatik ak federal aplikab yo.

Rekòmandasyon sa a pral aplike nan tout anviwònman komèsyal yo, ki gen ladan magazen ki vann an detay, sèvis alimantè yo, biwo, sant jimnastik ak kondisyònman fizik, amizman ak detant pou fanmi, salon kwafi, kwafè ak lòt sèvis swen pèsònèl yo, pou mwen site anviwònman sa yo sèlman.

Règ sou Kapasite Biznis

Jan sa te [anonse](#) anvan sa, pifò kapasite biznis yo — ki aktyèlman baze sou pousantaj okipasyon maksimòm — pral retire nan 19 me. Biznis yo pral limite sèlman pa espas ki disponib pou kliyan oswa pati kliyan yo pou kenbe distans sosyal obligatwa ki se 6 pye a.

Sepandan, konsidere CDC te enfòme moun ki konplètman vaksinen yo pa bezwen kenbe distans sosyal, biznis yo ka elimine distans sosyal 6 pye obligatwa a, epi ogmante kapasite, sèlman si kliyan yo nan etablisman an -- oswa yon pati apa ki deziyen nan etablisman an -- prezante prèv sitiyaasyon vaksinaasyon konplè. Kliyan yo kapab bay prèv sou sitiyaasyon vaksinaasyon konplè yo atravè fòm papye, aplikasyon dijital oswa [Excelsior Pass](#) Eta a.

Pou zòn kote yo pa konnen sitiyaasyon vaksinaasyon moun yo epi pou kliyan ki pa prezante prèv sou sitiyaasyon vaksinaasyon yo, distans sosyal 6 pye obligatwa a toujou aplike jiskaske plis Nouyòkè konplètman vaksinen. Chanjman sa aplike nan tout anviwònman komèsyal yo, sof pou etablisman CDC egzante yo.

Règ pou Ti Evènman ak Gwo Evènman yo

Ti evènman yo pral kapab aplike règle sou mask ak kapasite biznis yo. Espesyalman, pou evènman yo ki anba limit rasanbleman sosyal Eta a pou 250 moun anndan oswa 500 moun deyò, sit evènman yo pral kapab egzije tout kliyan yo mete mask -- epi DOH rekòmande anpil pou mete mask pa anndan kote yo pa konnen sitiyaasyon vaksinaasyon an -- epi distans sosyal 6 pye pral obligatwa ant pati k ap patisipe yo, amwenske tout patisipan yo prezante prèv sou sitiyaasyon vaksinaasyon konplè yo. Moun ki pa vaksinen yo ta dwe toujou mete mask.

Pou gwo evènman yo ki depase limit rasanbleman sosyal Eta a, sit evènman yo pral sèlman limite nan espas disponib pou kliyan oswa kèk pati nan kliyan yo pou kenbe distans sosyal, konsa:

- Patisipan ki pa vaksinen ak patisipan ki gen sitiyaasyon vaksinaasyon enkonni yo dwe gen distans 6 pye ki separe yo nan seksyon ki asiyen yo. Li pral obligatwa pou mete mask nan evènman anndan yo eksepte lè moun chita ap manje oswa bwè
- Patisipan ki konplètman vaksinen yo ka gen espas dirèkteman toupre youn lòt nan 100 pousan kapasite olye distans 6 pye nan seksyon ki asiyen yo ki deziyen sèlman pou

moun ki konplètman vaksinen yo. Mask yo opsyonèl. Sit yo dwe verifye sityasyon vaksinnasyon yo pou pwofite egzijans distans sosyal redui yo.

- Timoun ki gen mwens pase 12 ane ki poko kalifye pou pran vaksen an, epi sila ki gen mwens pase 16 ane ki poko kapab pran vaksen an, ka akonpaye ak chita avèk yon granmoun ki vaksinen nan yon seksyon moun ki konplètman vaksinen.
 - Patisipan yo ka bay prèv sou sityasyon vaksinnasyon konplè yo atravè fòm papyè, aplikasyon dijital oswa [Excelsior Pass](#) Eta a.

Pou gwo evènman yo, prèv rezilta tè COVID-19 negatif resan pou patisipan yo ki gen plis pase kat ane rete obligatwa pou patisipan ki pa vaksinen nan evènman anndan yo ki depase limit rasanbleman sosyal Eta a men pral tounen opsyonèl nan espas evènman anplennè yo.

Anons jodi a apiye dènye mezi Gouvènè Cuomo yo pou re-ouvri ekonomi an pi plis konsidere pwogrè enpòtan nan vaksinnasyon yo epi rediksyon konstan nan ka ak ospitalizasyon COVID-19 yo. Jiska yè, 62 pousan adilt nan New York te resevwa omwen yon dòz vaksen epi 52 pousan te konplete seri vaksen yo.

Detay anplis sou mizajou nan direktiv sou re-ouvèti New York Forward Eta a pral disponib [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)